

THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

7720 W. OAKLAND PARK BLVD., SUITE 204 • SUNRISE, FLORIDA 33351 • TEL 754-321-0215 • FAX 754-321-0235

Food and Nutrition Services
Barbara Leslie, Director
www.browardschools.com

SCHOOL BOARD

Chair BENJAMIN J. WILLIAMS
Vice Chair ANN MURRAY
ROBIN BARTLEMAN
MAUREEN S. DINNEN
PATRICIA GOOD
JENNIFER LEONARD GOTTLIEB
LAURIE RICH LEVINSON
NORA RUPERT
DAVID THOMAS, NBCT

Donnie Carter
Interim Superintendent of Schools

Manman, Papa,

Alekiè ou kapab itilize sit Entènèt SchoolPaymentSolutions.com Lyons Creek Middle pou mete lajan nan kont manje pitit-ou lekòl. Sit Entènèt-sa-a aksepte *Master Card* ak *Visa Credit Cards* kòm metòd peman nan kont manje elèv.

Nap mete ajou ransèyman kap fè-ou konnen sa pitit-ou depanse nan kafeterya-a. Diplis, ou va resevwa notifikasyon konsa balans ki rete nan kont pitit-ou pap yon pwoblèm pou ou.

Entansyon-nou se ofri fanmi ak lekòl-yo yon metòd peman efikas epi fasil. Sèvis-la kapab fasilite pwosedi koleksyon epi jesyon lajan pitit-ou.

Ou pap bezwen bay pitit-ou yon chèk oswa lajan kash pou li pote lekòl-la. Sito ou fè yon peman nan Entènèt, yap ajoute lajan-an nan kont pitit-ou pa pita pase 2 jou biznis. Nap chaje peman-ou sou kat debi oswa kat kredi-ou ak yon ti frè pou tranzaksyon-an. Nou va chaje \$2.50 pou chak tranzaksyon kat kredi oswa kat debi-ou. Tranzaksyon kapab enkli depo nan kont-ou pou plizyè elèv anmenmtan.

Li fasil pou kòmanse. Ale nan sit Entènèt www.browardschools.com, klike sou Departments, apre klike sou Food & Nutrition Services kote ou va wè On Line Meal Payments ki va ba-ou lyen School Payment Solutions oswa tape nan navigatè-a (*web browser*) www.SchoolPaymentSolutions.com epi kontinye pou louvri yon kont. Epi ajoute non pitit-ou nan kont-la pou ou fè peman. Nou va bezwen enfòmasyon-sa-yo pou ajoute non yon timoun oswa plizyè nan kont-ou:

- Leta nan Etazini kote Distrik lekòl-ou ye
- Distrik lekòl pitit-ou
- Lekòl pitit-ou
- Nimewo idantifikasyon ID elèv-la (nimewo ak 10 chif)
- Non lari-a
- Dat nesans timoun-nan
- Yon imel adrès (adrès elektwonik) valid nou kapab itilize pou kont-la

Si ou bezwen plis asistans, kontakte biwo *Food and Nutrition Services* (Sèvis Manje ak Nitrisyon) nan nimewo telefòn 754-321-0215.

“Educating Today’s Students For Tomorrow’s World”

Broward County Public Schools Is An Equal Opportunity/Equal Access Employer
